



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN EKSPANSYON 1.8 MILYA DOLA REGENERON AN NAN KONTE WESTCHESTER

Pi Gwo Konpayi Biyoteknoloji New York la kontinye devlope nan rejyon Mid-Hudson lan, k ap pote omwen 1,000 nouvo djòb sou senk an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inovasyon pou rechèch 1.8 milya dola Regeneron yo te anonse anvan an, etablisman fabrikasyon pre-klinik ak sipò yo nan kanpis Konte Westchester konpayi an nan Tarrytown. Konpayi an, ki se yon lidè nan biyoteknoloji ki envante epi fabrike medikaman ki transfòme lavi pou moun ki gen maladi grav, te angaje pou kreye omwen 1,000 nouvo djòb tan konplè, wot pèfòmans nan Rejyon Mid-Hudson lan sou senk pwochen lane yo. Pou ankouraje Regeneron kontinye ekspansyon an nan Eta New York, Empire State Development ap sipòte pwojè a ak jiska 100 milyon dola nan kredi enpo Pwogram Travay Excelsior (Excelsior Jobs Program) ki baze sou pèfòmans, dapre objektif anboch konpayi an. Regeneron te konsidere plizyè sit potansyèl nan zòn twa eta yo anvan l te deside chwazi fè ekspansyon an nan rejyon Mid-hudson lan.

"New York se yon lidè nan sektè syans lavi yo an pati akòz deseni investisman ak anpil avansman syantifik inovan nan Regeneron," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kriz COVID-19 la te youn nan demonstrasyon sou kijan Regeneron kapab deplwaye motè dekouvet ak devlopman medikaman li an kont maladi devastan yo rapidman epi efikasman. Travay Regeneron te san dout sove anpil lavi nan New York ak nan tout Etazini, epi nou fyè ke Regeneron kontinye kreye bon travay epi investi nan rejyon Mid-Hudson lan pandan y ap travay pou fè plis pèse kont maladi ladi k ap lakoz avèg, kansè, maladi jenetik ak plis toujou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Regeneron, Leonard S. Schleifer, M.D., Ph.D., te deklare, "Nou te yon konpayi New York avèk fyète depi kòmansman nou plis pase twa deseni de sa, pandan moman sa nou te envante teknoloji dekouvet medikaman lidè nan sektè a, epi nou te devlope dis medikaman FDA apwouve oswa ki otorize antyèman nan pwòp laboratwa nou. Eta New York te jwe yon wòl enpòtan nan siksè nou lè li rekonèt san rete valè inovasyon, k ap favorize yon sektè biyometrik enklizif epi dinamik, epi ede atire pi bon talan nan rejyon an."

Tarrytown sèvi kòm syèj sosyal rechèch ak devlopman Regeneron, epi plan ekspansyon ki ankou kounye a genyen ladan l nouvo laboratwa, fabrikasyon pre-klinik ak swit pou devlopman pwosesis ak espas pou biwo. Pwojè sa ap anglobe konsepsyon, konstriksyon epi ekipe jiska uit bilding, twa garaj paking ak yon izin sèvis piblik santral apeprè 900,000 pye kare.

Yo prevwa pou fè pwojè a nan de faz sou sis an, ak konstriksyon yo prevwa k ap fini an 2027. Yo estime benefis fiskal dirèk ak endirèk pou eta a ak gouvènman lokal yo ap depase 283.3 milyon dola avèk yon benefis ekonomik ki estime ak apeprè 2 milya dola pou Eta New York.

Regeneron te fonde an 1988 nan Vil New York; nan ane ki vini apre a, Eta New York State te envesti 250,000 dola nan konpayi an. Jodi a, Regeneron se pi gran konpayi byoteknoloji nan Eta New York epi youn nan pi gwo konpayi epi ki pi pwodiktif nan mond lan. Konpayi an regilyèman klase pami pi bon anplwayè biyofamasetik pa magazin *Science* epi li te enkli nan lis sivik 50 antrepriz ki pi sousye de kominote yo nan peyi a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Regeneron se yon konpayi Eta New York ak yon dosye siksè nan kreyasyon avansman ki sove lavi ke tout mand lan benefisye. Anplis, Regeneron se yon konpayi ki envesti nan kominote ki antoure yo ak anplwaye li yo. Regeneron pa sèlman ap kontinye pote kwasans ekonomik nan rejyon Mid-Hudson lan, y ap kontinye yon bon patnè kominotè tou nan rejyon an."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Ekspansyon inovan Regeneron isit la nan Westchester se yon etap pasyonan pou rejyon nou an. Investisman 1.8 milya dola yo a ak 1,000 djòb ki kreye yo ap gen yon enpak ekonomik ki enpòtan anplis travay krisyal y ap kontinye fè pou ede sila yo k ap soufri nan anpil kondisyon medikal ak maladi. Regeneron te yon lidè nasyonal tou nan konba kont COVID-19, epi mwen pa ka tann pou pwojè sa fini."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Ekspansyon lidè biyoteknoloji Regeneron nan Konte Westchester, te ede eta a kontinye investisman nan kwasans biznis ak kreyasyon djòb, rete kòm prèv solid ke yon rebondisman ekonomik apre pandemi ki remakab ankou nan New York. Lè nou travay ansanm, patnè piblik ak prive yo ap fè eritaj fabrikasyon ki renome nan mond lan pou Hudson Valley a reviv."

Manm Asanble Tom Abinanti te deklare, "Medikaman dènye kri egzije syans dènye kri. Regeneron ap bay toulede -- epi an menm tan, li se yon gwo motè ekonomik nan rejyon an. Regeneron bay yon kantite travay ekstraòdinè nan chak nivo epi li jenere anpil aktivite ekonomik siplemantè. Ekspansyon sa ap pote plis toujou nan kalite sa."

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Konte Westchester fyè pou li se lakay pi gwo konpayi biyoteknoloji New York - Regeneron. Regeneron ap grandi epi fòme lavni sekte biyofamasetik la epi pandan l ap fè sa, l ap

ajoute travay a tan konplè ak travay wot pèfòmans. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip ak previzyon li pou sipòte ekspansyon an ak jiska 100 milyon dola nan kredi enpo Pwogram Djòb Excelsior a ki baze sou pèfòmans. Nou pa ka tann pou wè kisa Regeneron ap fè apre sa."

Sipèvizè Vil Greenburgh Paul Feiner te deklare, "Ekspansyon kanpis Regeneron lan se pwojè devlopman ekonomik ki pi enpòtan nan listwa Komin Greenburgh. Anplis, Regeneron ap fè pèse ak avansman nan domèn syans lavi a epi amelyore lavi Nouyòkè yo nan pwosesis la. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak ekip li a nan Empire State Development dèske yo fè pwojè enpòtan sa avanse."

Sipèvizè Komin Mount Pleasant, Carl Fulgenzi te deklare, "Vil Mount Pleasant fyè pou genyen Regeneron antanke yon gwo fabrikan ak etablisman Biyoteknoloji nan vil nou an ki te devlope san rete epi avèk siksè pandan ane yo k ap ofri anpil opòtinite travay epi ogmante asyèt fiskal nou an. Nou pa ka tann kwasans alavni yo epi nou enpasyon pou fè patenarya avèk yo pou yon avni ki pi priyan k ap vini."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)